

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa minangka pakakas utama pikeun komunikasi miboga kalungguhan anu penting dina hirup kumbuh hiji masarakat. Basa téh cicirén bangsa, nepi ka aya hiji paribasa yén mun leungit basana, tangtu leungit budayana. Hal ieu tétéla nyieun hiji pamadegan yén basa téh utamana basa wewengkon kudu dipulasara ku cara dipaké dina kagiatan komunikasi sapopoé. Basa Sunda anu ilaharna jadi basa indung urang Sunda, digunakeun minangka salasahiji basa komunikasi anu utama di lingkungan Jawa Barat.

Di Jawa Barat, aya tilu basa daérah anu dijadikeun muatan lokal (mulok) wajib, nya éta: basa Sunda, basa Melayu-Betawi, jeung Cirebon. Tapi dina tilu basa éta, anu leuwih lega tur dipaké ku mayoritas daérah nya éta basa Sunda. Pangajaran basa daérah ieu diwajibkeun ku Pamaréntah Provinsi Jawa Barat anu kaputusanana dikaluarkeun ku Gubernur Jawa Barat taun 2006 jeung Perda no.5 taun 2003. Dina pangajaran basa, aya opat kaparigelan anu kudu dihontal ku siswa, nya éta: (1) kaparigelan ngaregepkeun (*listening skills*), (2) kaparigelan nyarita (*speaking skills*), (3) kaparigelan maca (*reading skills*), jeung (4) kaparigelan nulis (*writing skills*). Ieu sakabéh kaparigelan téh saluyu jeung Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD) taun 2006. Kaparigelan nulis ditempatkeun dina urutan pamungkas, lantaran nurutkeun Tarigan (2008:3),

nulis mangrupa kagiatan anu produktif jeung éksprésif. Panulis kudu parigel ngamangpaatkeun grafologi, struktur basa, jeung kosa kecap. Kaparigelan nulis kudu ngaliwatan latihan jeung praktik anu loba jeung rutin. Nurutkeun Alwasillah (2007) dina buku *Pokoknya Menulis*, nétélakeun yén:

*“menulis adalah proses yang panjang dan berliku. Setiap langkah prosesual dan liku-liku kreatif ini harus diapresiasi oleh guru, pembaca, dan penilai. Pembaca harus memberi masukan (feedback) kepada penulis dengan menuliskan respons konstruktif pada karangan di kelas.”*

Tina éta pamadegan pangajaran nulis enas-enasna mah mangrupa prosés pangajaran anu mikabutuh waktu pikeun ngébréhkeun idé sacara kréatif anu silih dirojong ku aprésiasi ti pamaca minangka pihak anu méré ajén kana tulisan ogé méré bongbolongan atawa saran pikeun pnulis éta sorangan. Kitu deui dina nulis karangan (*mengarang*) boh anu kaasup wangun fiksi atawa non fiksi. Widyamartaya (1990: 9) nétélakeun yén:

*“mengarang adalah keseluruhan rangkaian kegiatan seseorang mengungkapkan gagasan dan menyampaikannya melalui bahasa tulis kepada pembaca untuk dipahami tepat seperti yang dimaksudkan oleh pengarang.”*

Dina pangajaran nulis, aya sababaraha bangbaluh anu kapanggih ku panalungtik nya éta dina prak-prakan rék nulis, kumaha ngamimitian ngantebkeun idé anu aya dina uteuk kana wangun tulisan jeung nyusun kerangka karangan nepi ka jadi hiji tulisan anu hadé. Pikeun siswa ogé, pasualan ieu téh tétéla minangka puseur masalah dina nyieun karangan boh pangajaran basa Sunda boh pangajaran séjén. Kaparigelan nulis raket patalina jeung kagiatan maca. Sangkan siswa miboga kereteg hayang nulis kudu dilatih ngaliwatan maca sacara rutin jeung

partisipasi aktif ti guru salaku pengajar pikeun ngaévaluasi hasil tulisan siswa di kelas. Hésé ngébréhkeun idé kana wangun tulisan mangrupa salasahiji kahéngkérana anu leuwih kapanggih di sakola nalika guru nitah siswa nyieun karangan. Milih diksi, adegan kecap, kurangna kosa kecap anu dipikanyaho ku siswa ogé mangaruhan kana kereteg jeung karep siswa kana pangajaran nulis.

Salasahiji pangajaran nulis anu diajarkeun pikeun siswa kelas XI SMA nya éta pangajaran nulis carita pondok (carpon). Ieu pangajaran téh saluyu jeung SKKD poin 11.4 *mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan, dan keinginan dalam bentuk cerita pondok, laporan kagiatan, dan resensi buku.*

Carita pondok minangka salasahiji wangun karya sastra naratif fiktif. Nurutkeun Ruhaliah (2002: 125) nilik tina wangun eusina, karangan wangun carita pondok kaasupna kana sastra sampeuran, lantaran ayana sabada sastra Sunda kapangaruhan ku sastra kulon. Carpon dilarapkeun kana pangajaran nulis lantaran carpon téh karya sastra anu gampang kapanggih dina média massa boh koran boh majalah. Nurutkeun Sudaryat (1995: 50), carita pondok mangrupa salasahiji bagian tina wacana prosaik, nya éta wacana anu disusun dina basa lancar, basa anu lumrah dipaké dina kahirupan sapopoé. Anu balukarna leuwih gampang dicangkem siswa nalika dibacana, sanajan siswa kaasup pamaca anu ngamimitian maca karya sastra Sunda. Nulis carpon keur anu ngamimitian mah minangka pagawéan anu kalintang hésé, lantaran teu sakabéh siswa bisa sacara gampang ngébréhkeun idé kana wangun tulisan éta. Tangtu ku ayana téhnik jeung métode atawa modél anu merenah dumasar bangbaluh anu disanghareupan ku siswa, pasualan-pasualan anu kapanggih dina diri siswa sahenteuna bisa méré

lolongkrang sangkan siswa (minimal) daék ngarang nepi ka bisa ngahontal udagan pangajaran nulis carpon dumasar kompetensi dasar basa Sunda kelas XI SMA.

Sakumaha anu geus diébréhkeun di luhur, bangbaluh tadi perlu diréngsékeun ku cara ngayakeun panalungtikan anu museurkeun kana pangajaran nulis carpon ngagunakeun modél pangajaran. Anapon modél anu dipaké dina ieu panalungtikan pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis carpon siswa nya éta modél portofolio. Portofolio digunakeun pikeun ngadokumentasikeun jeung ngaévaluasi kamekaran tina kamampuh peserta didik. Portofolio ogé minangka kumpulan karya anu dijadikeun bukti pangalaman diajar siswa. Nurutkeun Arnie (2009: 46), portofolio mangrupa salasahiji modél pangajaran anu dijadikeun tarékah guru sangkan siswa miboga kamampuh pikeun ngébréhkeun jeung ngaéksprésikeun dirina minangka individu atawa kelompok. Anu jadi dadasar ayana ieu modél pangajaran portofolio nya éta tiori belajar konstruktivisme, anu prinsipna ngagambarkeun yén peserta didik ngawangun atawa numuwuhkeun pangaweruhna ngaliwatan interaksi jeung lingkungan sabudeureunana (Kamii dina Arnie, 2009: 43). Pangajaran ngagunakeun ieu modél portofolio bisa ogé mangrupa tarékah guru sangkan siswa deukeut kana pangajaran/objék anu dipedar.

Portofolio minangka modél pangajaran diwincik jadi dua bagian, nya éta: (1) portofolio tayangan, jeung (2) portofolio dokumentasi. Anapon anu dipaké ku panalungtik nya éta wangun portofolio dokumentasi. Portofolio dokumentasi mangrupa kumpulan-kumpulan karya siswa atawa bukti yén siswa ngalaksanakeun pangajaran nulis kalayan inténsif.

Portofolio digunakeun ku panalungtik lantaran portofolio teu saukur méré tiori jeung latihan anu tuluy di évaluasi ku guru, tapi aya lajuning laku jeung *feedback* ka diri siswa sorangan. Portofolio bisa dilarapkeun ku rupa-rupa pangajaran, teu saukur pikeun pangajaran basa tapi pangajaran éksakta jeung sosial ogé. Sarua jeung modél pangajaran séjén anu jadi inovasi kana prosés KBM, ieu modél tangtu dipiharep bisa ngungkulan jeung méré bongbolongan sangkan siswa leuwih parigel dina pangajaran nulis, hususna nulis carpon.

Di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, panalungtikan anu ngagunakeun portofolio pikeun modél pangajaran saméméhna can kungsi aya. Anapon skripsi anu kapanggih ku panalungtik nya éta penilaian portofolio anu ditalungtik ku Nonon Hana (2006) dina skripsi “Penilaian Portofolio Pangajaran Nulis Karangan Déskripsi”.

Modél pangajaran portofolio dipiharep ku panalungtik bisa ngungkulan masalah anu karandapan ku siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung dina prak-prakan nulis carpon. Ku kituna, ieu panalungtikan dibéré judul “Éféktivitas Modél Pangajaran Portofolio dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carpon (Studi Ékspérimén Siswa Kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2011-2012)” perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Dina ieu subbab dipedar ngeunaan watesan masalah jeung rumusan masalah tina ieu panalungtikan.



### 1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah anu diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan perlu diwatesanan. Ieu panalungtikan diwatesanan sangkan leuwih museur kana fokus panalungtikan. Panalungtikan diwatesanan kana modél portofolio dokuméntasi tina data karangan siswa salila pangajaran nulis carpon dumasar téma anu ditangtukeun ku panalungtik saméméhna ngaliwatan métode ékspérimén murni di kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung watesan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha prak-prakan modél pangajaran portofolio dina pangajaran nulis carpon?
- 2) Kumaha kamampuh nulis carpon siswa kelas XI (kelas ékspérimén) SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél portofolio?
- 3) Kumaha kamampuh nulis carpon siswa kelas XI (kelas kontrol) SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 saméméh jeung sanggeus teu ngagunakeun modél portofolio?
- 4) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis carpon saméméh jeung sanggeus dilaksanakeun modél pangajaran portofolio?

5) Naha modél pangajaran portofolio éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis carpon siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Dina ngayakeun panalungtikan tangtu aya udagan anu hayang dihontal, anapon tujuan dina ieu panalungtikan diwincik kana tujuan umum jeung tujuan husus anu dipedar di handap.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Dina unggal pangajaran, tangtu aya udagan anu kudu dihontal sangkan hasil kagiatan pangajaran bisa nyugemakeun. Nurutkeun Syamsuddin & Damaianti (2007: 3), tujuan panalungtikan basa:

*“tujuan penelitian bahasa adalah upaya sistematis untuk menjelaskan, memahami, memecahkan, dan mengantisipasi masalah-masalah pendidikan bahasa.”*

Anapon tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho kumaha éféktivitas modél pangajaran portofolio pikeun digunakeun kana pangajaran nulis basa Sunda.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan sacara husus miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

1) prak-prakan modél pangajaran portofolio dina pangajaran nulis carpon;

- 2) kamampuh nulis carpon siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 anu maké modél portofolio (kelas ékspérimén);
- 3) kamampuh nulis carpon siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012 anu teu ngagunakeun modél portofolio (kelas kontrol);
- 4) ngukur kumaha bébédaanana antara siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung anu ngagunakeun modél portofolio (kelas ékspérimén) jeung anu henteu ngagunakeun modél portofolio (kelas kontrol) dina pangajaran nulis carpon;
- 5) éféktifitas modél pangajaran portofolio dina ngaronjatkeun kamampuh nulis carpon siswa kelas XI SMA Pasundan 3 Bandung taun ajaran 2011-2012.

#### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

Tina ieu panalungtikan anapon mangpaat sanggeus dilaksanakeun ieu panalungtikan diwincik kana mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis saperti anu dipedar di handap.

##### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh, tiori, jeung aplikasi matéri pangajaran nulis carpon dina pangajaran basa jeung sastra Sunda. Salian ti éta, ieu modél bisa ngungkulan kana masalah pangajaran nulis carpon atawa pangajaran nulis ngeunaan matéri séjén, sarta méré kaonjohan siswa dina raraga nulis carpon anu ngaguluyur jeung museur kana téma anu ditangtukeun.



### 1.4.2 Manfaat Praktis

Anapon sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun guru, siswa, panalungtik, jeung lembaga anu didéskriptipkeun di handap.

- 1) Pikeun guru, bisa dijadikeun alternatif modél pangajaran di kelas sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa kana pelajaran basa Sunda hususna dina widang nulis;
- 2) Pikeun siswa, ngaronjatkeun kamampuh siswa jeung mikanyaho kumaha bangabaluh anu karandapan hususna nalika diajar ngarang carpon;
- 3) Pikeun panalungtik, nambahan pangaweruh jeung pangalaman panalungtik dina ngaplikasikeun tiori jeung praktik dina pangajaran basa Sunda.
- 4) Pikeun sakola/ lembaga, bisa dijadikeun salasahiji bahan tinimbangan dina ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa jeung sastra sarta anumuwuhkeun motivasi ka siswa sangkan leuwih parigel dina nulis.

### 1.5 Raraga Tulisan

Sistematika panulisan dina ieu skripsi diwangun ku lima bab. Sedengkeun eusi tina unggal bab-na ngawengku: (1) bab I (bubuka) medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan boh tujuan umum boh tujuan husus, mangpaat panalungtikan boh mangpaat tioritis boh mangpaat praktis, jeung raraga tulisan atawa sistematika panulisan dina ieu skripsi; (2) bab II mangrupa dadasar tiori jeung rangkéy tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan anu sacara gurat badagna ngawengku tiori nulis, tiori nulis carpon, tiori modél pangajaran portofolio, asumsi, sarta hipotésis;

(3) bab III ngébréhkeun métode panalungtikan anu ngawengku sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, variabel jeung wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik analisis data; (4) dina bab IV ngébréhkeun déskripsi hasil panalungtikan anu ngawengku prak-prakan ngalarapkeun modél pangajaran portofolio dina pangajaran nulis carpon, analisis data hasil panalungtikan, jeung pedaran kaéféktifan modél pangajaran portofolio dina nulis carpon; (5) dina bab anu pamungkas, bab V eusina mangrupa panutup anu ngébréhkeun kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran pikeun ieu panalungtikan.

